



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI DESIZIF POU SEKIRIZE KOUVÈTI ASIRANS  
POU TRETMAN FÈTILITE YO KÈLKESWA ORYANTASYON SEKSYÈL OSWA ETA  
SIVIL YON MOUN**

***Yo Sikile yon Lèt bay Konpayi Asirans yo pou Eklèsi Tout Fanm, Kèlkeswa  
Oryantasyon Seksyèl yo oswa Eta Sivil yo, Gen Dwa pou yo Resevwa Kouvèti pou  
Tretman Fètilite***

***Lèt k ap Sikile a Disponib [Isit la](#)***

***Li Ajoute sou Mezi Global Gouvènè a ap Pran pou Sipòte Sante ak Dwa  
Repwodiktif yo nan New York.***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse konpayi asirans yo responsab, dapre Lwa Asirans New York la (New York Insurance Law), pou yo founi kouvèti pou tretman fètilite pou tout moun, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo oswa eta sivil yo. Anons sa a ajoute sou mezi global Gouvènè a ap pran pou sipòte sante ak dwa repwodiktif fanm New York yo, ki gen ladan lejislasyon yo te propoze resaman ki egzije asirans yo dwe kouvri planinn ak avòtman ki nesesè pou rezon medikal yo, epi yo te pwopoze pou kodifye *Roe v. Wade* pou mete l nan Konsitasyon New York la.

Definisyon enfètilite yo ap itilize aktyèlman la ki soti apati Sosyete Medsin Repwodiktif Ameriken an (American Society for Reproductive Medicine) pa fè diferans ant moun ki etewoseksyèl ki nan relasyon oswa ki marye, oswa moun ki omoseksyèl ki nan relasyon oswa ki marye, moun ki selibatè, oswa moun ki baze sou idantite sèksyèl yo. Nouvo [direktiv](#) y ap sikile bay konpayi asirans lan yo egzije espesifikman konpayi asirans yo dwe founi kouvèti pou tretman enfètilite pou tout Nouyòkè ki gen kouvèti, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo oswa eta sivil yo.

“Nan New York, nou kwè fèmman tout moun, kèlkeswa sa yo te ye, merite gen dwa pou kontwòle pwòp kò yo epi pran desizyon ki konsène sante repwodiktif yo pou kont yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Tout fanm ki swete fè pitit gen dwa pou yo resevwa kouvèti asirans pou tretman fètilite kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa eta sivil yo, menm jan tout fanm gen dwa a chwa repwodiktif yo tou epi pou yo deside si wi ak kilè yo vlè kòmanse fè yon fanmi, epi New York pral toujou defann, pwoteje ak prezève dwa sa yo.”

Lèt k ap sikile jodi a se pwochen etap nan yon seri mezi reparasyon Gouvènè Cuomo ap fè pou sipòte dwa ak sante repwodiktif fanm yo, ki gen ladan ogmantasyon aksè a depistaj pou kansè nan sen yo ak kouvèti asirans sante atravè pwojè lwa [revolisyonè](#) ki te rantre an vigè 1 Janvyè 2017 la; sa ki ap [asire](#) politik asirans sante yo kouvri tout sèvis avòtman ki nesèsè pou rezon medikal yo san pataj depans yo; epi founi sèvis plannin pou tout fanm san kopeman oswa franchiz ki depase yon montan ki pi wo pase valè yon mwa apwovizyonman koute nan yon fwa.

**Direktè Sèvis Finansyè a Maria T. Vullo te di,** “Definisyon enfètilite a pa fè diferans ant moun ki etewoseksyèl ki nan relasyon oswa ki marye, moun ki omoseksyèl ki nan relasyon oswa ki marye, oswa moun selibatè, oswa moun ki baze sou idantite sèksyèl yo. Si yon moun satisfè definisyon enfètilite a epi yo otreman kalifye pou kouvèti, lè sa a, konpayi asirans lan dwe founi kouvèti kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa eta sivil oswa identite seksyèl yo.”

Anplis de sa a, gid DFS (Department of Financial Services) founi jodi a raple konpayi asirans yo, piske definisyon enfètilite a pèmèt yon founisè bay sèvis tretman avan 12 mwa, yo ka jisfyè rezon yon moun ki nan relasyon omoseksyèl oswa ki selibatè ka bezwen resevwa tretman pi bonè.

Inisyativ sa yo fè pati yon seri aksyon ki te poze pa Gouvènè Cuomo pou kapab defann dwa fanm yo, ke yo konnen sou non “Pwomès New York a Fanm yo: Toujou Pi Wo” (New York’s Promise to Women: Ever Upward). Nan dezan ki sot pase yo sèlman, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo atravè lwa Enough is Enough Act la (Lwa Sètase a); prevni asèlman seksyèl nan lye travay yo kèlkeswa lajè konpayi an; mete fen a diskriminasyon gwosès; etabli pwogram absans familyal yo peye ki pi long ak pi konplè nan nasyon an; epi elve salè minimòm lan rive \$15 alè. Pou plis enfòmasyon sou New York’s Promise to Women lan, vizite [isit la](#).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418